



Pou Piblikasyon Imedya: 12/22/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU SEPARÈ PRIZONYE ADOLESAN YO DE ADILT

Etablisman Eta te chwazi pou loje timoun ki gen laj 16 ak 17 moun

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pibliye yon [Dekrè Egzekitif](#) ki mande Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, an kolaborasyon avèk Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi, pou mete sou pye yon plan pou retire minè yo nan prizon adilt nan eta. Plan an, ki te devlope sou dènye mwa ki sot pase yo, ap transfere tout jèn fi ak jèn gason ki te klase kòm sekirite mwayen ki te kondane nan prizon eta nan etablisman adilt yo kote yo aktyèlman loje nan yon etablisman jivenil. Etablisman sa ap bay pwogram spesyalize tretman ki adapte pou jèn ofansè yo pandan lap asire egalman sekirite anplwaye yo, prizonye ak kominote avwazinan yo.

“Lè nou loje jèn yo ki gen laj 16 ak 17 ane nan yon etablisman koreksyon ki gen laj apwopriye, nou ka ofri yo yon pi bon chans pou chanje lavi yo epi vin manm pwodiktif nan sosyete a,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Aksyon sa ap redwi pousantaj residivis, ogmante sekirite piblik, epi ekonomize kontribyab yo lajan alontèm. Kèlkeswa jan ou gade l— keseswa li se benefis ekonomik, benefis sekirite, oswa benefis imen— aksyon sa se bon bagay ki dwe fèt, e mwen fyè pou m kontinye pote refòm sa ki pi nesèsè nan sistèm jistis la.”

New York se youn nan sèlman de eta ki otomatikman trete tout jèn laj 16 ak 17 ane nan sistèm jistis kriminel adilt, kèlkeswa ofans lan. Pou reponn a objektif Dekrè Egzekitif Gouvènè a, Etablisman koreksyon Hudson nan Konte Columbia, ki aktyèlman yon etablisman prizon ki gen sekirite jeneral mwayèn, ap transfòme pa yon kolaborasyon ant DOCCS ak Biwo Sèvis Jeneral pou sèvi komsadwa popilasyon spesyal sa a. Nan out 2016, premye gwoup jèn nan ap transfere nan etablisman nan fason ki annaprè a:

- Tout prizon ki gen sekirite jeneral mwayèn ak minomòn jèn gason ;
- Tout jèn fi yo; ak
- Etablisman an ap sèvi tou kòm yon sant resepsyon ak klasifikasyon pou tout jèn yo kap antre nan gad DOCCS.

Nan fen mwa novanm 2016, travay enfastrikti adisyonèl ap fèt pou kreye yon inite separasyon jineveil ki pral pèmèt prizonye sa yo ki resevwa yon sanksyon anprizonman disiplinè 30 jou oswa mwens pou egalman loje nan Etablisman Koreksyon Hudson.

Travay la bay pwogram fòmasyon ak endistriyèl, ki aktyèlman ap fonksyone nan lakou Etablisman Koreksyon Hudson ap rete fonksyonèl kòm prizon adilt ki loje andeyò perimèt sekirize e li pap aksede zòn nan kote yo kenbe jèn yo. Maksimòm sekirite klasifye pou jèn gason yo ap rete loje nan yon inite jivenil separe nan etablisman koreksyon nan Coxsackie.

Anplis, OCFS ap ede DOCCS nan aplike etablisman jèn spesyalize nan etablisman fòmasyon spesyalize, revize règleman ak pwosedi DOCCS pou popilasyon jèn sa, epi konsilte ka difisil yo. Anplwaye aplikab OCFS ap patisipe avèk DOCCS nan konferans videyo, vizit sant, sesyon fòmasyon pataje, ak konsiltasyon dosye. Yo antisipe ke konsiltasyon dosye yo ap gen ladan alafwa ekip ajans klinik ak manadjè ka yo, e lap enplike jèn nan ansanm avèk fanmi yo nan sèten pwèn nan pwosesis la. Anplwaye yo nan Biwo Sèvis Sante Mantal pou jèn sila yo ki prezante bezwen sante mantal yo.

“Mwen konplimante Gouvènè a paske li asire ke Eta New York rete yon lidè pwogresif nan refòm jistis kriminel,” **te deklare Komisyonè pa Entèrim DOCCS Anthony Annucci.** “Dekrè Egzekitif sa ap ede chanje lavi adolesan yo ki te fè yon erè byen bonè nan lavi epi ba yo yon chemen pou retounen nan kominote a kòm sitwayen pwodikif.”

“Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun aplodi angajman Gouvènè a pou retire jèn moun yo nan prizon eta epi mete yo nan yon anviwonman kote yo ka resevwa sèvis ak entèvansyon laj apwopriye,” **te deklare Komisyonè pa entèrim OCFS Sheila J. Poole.** “OCFS ap rete tann pou l travay avèk DOCCS nan premye etap enpòtan sa ofri jèn prizonye yo opòtinite yon avni ki pi briyan.”

Ajans la ap enplemannte yon modèl pwogram ki baze sou evidans, refere tankou modèl pwogram jèn, pou ede nan reyablite ak redwi residivis pou jèn yo. Modèl pwogram jèn nan, ki egzije prevansyon jèn, ak pwogram reyentegrasyon, ap itilize sèvis ki baze sou evidans atravè pwovizyon entèvansyon sante mantal ki fèt spesyalman pou ogmante sansibilizasyon koneksyon ant panse ak aksyon prizonye adoelsan an. Li baze sou yon modèl ki santre sou prizonye, oryante sou jèn ki idantifye bezwen moun nan epi bay yon gid pou pwovizyon aktivite yo. Modèl la santre sou ede prizonye yo nan devlopman konpetans pwo-sosyal, konpetans prevansyon abi, ak plan tranzisyon konsistan ki enpòtan avèk filozofi ak pratik pwogramasyon jèn yo.

Administrasyon DOCCS, sekirite ak pwogram anplwaye kòm yon ekip pou akonpli objektif pwogram jèn yo. Pwogram jèn nan bay plizyè kontak anplwaye avèk chak prizonye sou yon baz chak jou atravè pwogram tretman, edikasyon fizik òganize, edikasyon akademik ak vokasyonèl ak sesyon endividyèl.

Dekrè Egzekitif la pèmèt Komisyonè DOCCS konsidere yon demann ki soti nan yon etablisman koreksyon lokal pou loje yon prizonye jèn ki te resevwa yon santans defini ki depase 90 jou nan etablisman sa a.

Dekrè Egzekitif la te fè li klè egalman ke mouvman jèn yo nan nouvo etablisman sa ki fenk devlope ap yon etap pwovizwa annatandan pasaj lwa Ogmtante Laj la. Gouvènè a

te pran yon gwo etap pou asire ke bezwen jèn laj 16 ak 17 ane yo te satisfè men lap kontinye mande lejislati a pou pase lejislasyon enpòtan ki pral gen ladan yon inisyativ konpreyansif ak pwogram pou ede jèn sa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418